

## Kijan Mwen Kapab Ede Polinizatè yo?

#ClimateBites

Lè w sipòte polinizatè yo, sa se yon bèl jès pou myèl yo 🐝

Chanjman klima a ka danjere pou myèl yo ak lòt polinizatè yo, ki se yon seri manm ki trè enpòtan pou ekosistèm lokal nou an. Kannbèj, ki se yon rekòt enpòtan nan Massachusetts, li bezwen myèl ak lòt polinizatè yo pou li ka fèt. Ou ka fè yon diferans nan pwòp lakou w, pou fè sa, plante yon jaden flè lokal ki atire polinizatè yo.

Opsyon Bouke Pou Myèl

\_ASTÈ Astè Nouvel Angletè

ASKLEPYAD Asklepyad Tiberèz

PWA PWA Pèdriks

TOUNSÒL Tounsòl Je Bèf

SISAN Sisan Je Nwa

[Jwenn plis enfòmasyon sou polinizatè yo ak fason pou plante grasak patenarya nou avèk #GrowingWild.](#)



## Achte Manje Lokal pou Ou Ka Sipòte Fèm Lokal yo

Lè ou achte manje lokal, w ap ede kiltivatè Massachusetts yo epi ede klima a 🛍

Poukisa se manje lokal? Yon sistèm manje ki fèt lokalman ede nou toujou gen manje disponib. Lè nou gen yon bon sistèm manje lokal, sa ede nou toujou gen bon manje, gen manje ki toujou disponib, menm lè gen difikilte pou jenerasyon k ap vini yo. Ti chanjman ka fè gwo diferans, lè w ap achte manje, pase vizite fèm lokal yo ak mache kiltivatè ki toupre w pou w ranpli asyèt ou ak bon pwodwi epi rekòt ki soti Massachusetts.

[Sipòte 'Massachusetts Grown... and Fresher!' \(Kiltive nan Massachusetts... epi Pi Fre\), pou fè sa, vizite kat MassGrown lan pou w ka jwenn mache kiltivatè yo ak fèm ki toupre lakay ou.](#)



### Kiltivatè Massachusetts yo se Ewo Klima a

Teknoloji klima a ede kenbe klima a pi an sante 🚜

Anpil fèm nan Eta Endependan an (Commonwealth) deja mete kanpe yon seri pwojè pano solèy ak lòt teknoloji entèlijan. Lè kiltivatè yo sèvi ak teknoloji entèlijan pou klima a, sa ede fèm yo itilize resous yo pi byen, yo itilize mwens dlo, mwens angrè, epi ekonomize plis enèji.

Men kèk fason kiltivatè Massachusetts yo rete #climatesmart (entèlijan pou klima a):

- 👉 Pwojè enèji ki renouvlab
- 👉 Ranmase dlo lapli
- 👉 Pa vire tè a, nan lide pou fè tè a rete pi rich pou plant yo
- 👉 Sistèm pou fè konpòs, nan lide pou diminye gaspiyaj sou fèm nan

Kiltivatè ki sèvi ak teknoloji entèlijan pou klima a, se ewo klima a yo ye! Lè w vizite yon fèm pwochèn fwa, mande kiltivatè lokal ou yo kijan yo itilize teknoloji entèlijan pou klima a.

**SIPÔTE FÈM ENTÈLIJAN POU KLIMA A NAN KOMINOTE W LA**

Lè fêm yo sèvi pou renouvelab, sa ede diminye gaz ki chofe planèt la epi lise pri enéji a.

KILTIVATÈ NAN MASSACHUSETTS YO ITILIZE TEKNOLOJI ENTÈLIJAN POU KLIMA A, YON FASON POU DIMINYE GAZ KABONIK YO A EPI POU ITILIZE ENÉJI PI BYEN.

LÈ W ACHTE YON BAGAY NAN MEN KILTIVATÈ MASSACHUSETTS YO, W AP SIPÔTE PRATIK KI BON POU KLIMA A

Jwenn plis enfòmasyon nan deskripsyon an konsènan fason kiltivatè yo ap itilize teknoloji entèlijan pou klima a.

## Dechè Alimantè ak Konpòs

Konpòs: 'fatra' nou pa jete 🥬 🌽

Men fason konpòs la ede klima a vin pi bon:

- 👉 Li diminye tout fatra (dechè)
- 👉 Li fè tè a vin pi bon pou plante
- 👉 Li kenbe kabòn nan tè a
- 👉 Li ede tè a kenbe plis dlo pou rekòt yo
- 👉 Li anpeche tè a lave avèk lapli (ewozyon)

Fèm Massachusetts yo fè konpòs avèk materyèl òganik yo, pou yo ka mete l nan tè a, lè yo fè l konsa, sa ede gen bon rekòt (plant yo byen grandi) epi bay bon rekòt. Ou ka sipòte fèm Massachusetts yo, pou fè sa, achte manje lokal epi patisipe nan pwogram pou fè konpòs nan yon ti espas lakay ou.

LÈ W FÈ KONPÒS AK RÈS MANJE (DECHÈ ALIMANTÈ), SA ANPECHE YO ALE NAN DEPOTWA FATRA EPI LI DIMINYE GAZ KI CHOFE PLANÈT LA.

Transforme rès manje ak 'dechè' (fatra), an yon fason entèlijan pou ede klima.

KONPÒS FÈ TÈ A VIN PI RICH, LI DIMINYE FATRA EPI LI EDE KONTWOLE GAZ KI CHOFE PLANÈT LA.

ÉSKE W TE KONNEN GEN KÈK FÈM KI FÈ LÈT NAN MASSACHUSETTS KI ITILIZE RÈS MANJE (DECHÈ ALIMANTÈ) AK FIMYE POU FÈ ENÉJI RENOUVLAB NAN FÈM YO?

Digeyon san lè (anaywoblik), se yon nouvo fason fèm yo jere fatra òganik epi fè enéji.

OU KA FÈ KONPÒS LAKAY OU TOU

Ankorajie tout injiyativ li ka pou fè tè a vin pi bon pou plante, pou fè sa, sipòte pwogram lokal yo, fe benevolà, fe konpòs lakay ou oswa nan kominote ou.

## Diminye Mak Kabòn Bèt Ou a

Diminye mak kabòn bète ou a 🐾

An 2024, plis pase 10,000 chen ak 7,000 chat te soti lòt kote nan peyi a pou yo adopte yo, pandan plizyè milye bète nan abri bète Massachusetts yo toujou ap tann yon fwaye pou tout lavi yo. Pa sèlman achte manje lokal, adopte bète kay ki soti Massachusetts tou. Panse pou tout monn lan, adopte bète lokal yo!

Òganizasyon prive ki adopte bète yo dwe enskri nan Depatman Resous Agrikòl nan Massachusetts la (Massachusetts Department of Agricultural Resources, MADR), pou asire bète y ap adopte nan eta endependan an (Commonwealth), an sante epi an sekirite. Ou ka jwenn tout lis abri bète lokal ki gen lisans yo epi ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwosesis adopsyon bète la sou sit entènèt nou an.

